

ÈSKE OU TE JWENN YON  
KONTRAVANSYON PAKIN OSWA  
**VYOLASYON**  
SOU KAMERA?

[nyc.gov/finance](http://nyc.gov/finance)

**NYC**  
Department of Finance

# KISA POU W FÈ KOUNYE A?


Ou fèt pou w reponn nenpòt kontravansyon nan lesplas 30 jou. Apresa, y ap ajoute penalite ak enterè pou reta jiskaske ou peye oswa konteste kontravansyon ou a. Apre yo ajoute twazyèm penalite a, ou gen risk pou yo bloke oswa remòke machin ou.

## SA K AP PASE SI YO BLOKE OSWA REMÒKE MACHIN MWEN?

Si yo bloke machin ou, swiv enstriksyon yo ki sou avi yo te kite sou machin ou a. Rele nimewo ou wè sou avi ou a, peye sa ou dwe a, epi fè yo debloke machin ou. Si yo remòke machin ou, chèche li nan [nyc.gov/finance](http://nyc.gov/finance) oswa rele 311.


# EVITE PENALITE YO KA FÈ PIL

Gade kisa k ap pase ak pri yon kontravansyon pakin\* lè ou pa reponn.



\* Apre 30 jou, y ap ajoute yon penalite \$25 pou vyolasyon kamera moun pa reponn. Yo ka ajoute enterè tou.

# MEN KI JAN POU OU PEYE



## SANT BIZNIS DEPATMAN FINANS VIL NEW YORK YO

### BRONX:

3030 3rd Avenue,  
2nd floor

### BROOKLYN:

210 Joralemon Street

### MANHATTAN:

66 John Street,  
2nd floor

### QUEENS:

144-06 94th Avenue,  
Jamaica

### STATEN ISLAND:

350 St. Marks Place

### LÈ YO LOUVRI

Lendi jiska vandredi  
Ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.  
(Fèmen jou konje piblik)

# PEYE OSWA KONTESTE KONTRAVANSYON OU A

Gen plizyè fason pou peye oswa konteste kontravansyon ou a. Si se ak yon machin yo te enprime kontravansyon ou a, ap gen enfòmasyon disponib sou sit nou an nan detwa jou. Kontravansyon ki ekri alamen yo ap disponib ou sitwèb nou an nan 3 semèn. Mete enfòmasyon kontravansyon ou a oswa nimewo plak machin ou pou konnen konbyen ou dwe ak si kontravansyon ou a nan jijman ou pa. Tablo ki anba la a montre ki sèvis ki disponib si ou itilize sitwèb oswa aplikasyon mobil nou an.

KONPARE	SITWÈB	APLIKASYON MOBIL
Pe ye yon kontravansyon ki deja nan sistèm nou an	✓	✓
Pe ye yon kontravansyon ki poko nan sistèm nou an	✓	✓
Konteste yon kontravansyon ki deja nan sistèm nou an	✓	✓
Konteste yon kontravansyon ki poko nan sistèm nou an	✓	✓

## KIJAN MWEN KA KONTESTE KONTRAVANSYON MWEN AN?

Ou ka konteste kontravansyon ou sou sitwèb nou an, ak aplikasyon mobil la, pa lapòs, oswa fas-a-fas. Yo anile prèske mwatye nan tout kontravansyon yo konteste.

- Si w ap voye foto pano pakin, mete tout pano ki bò ri kote ou te pake machin ou a. Foto yo dwe tout kwen nan tout blòk la, epi montre devan an dèyè pano a. Mete yon foto ak non ri a.
- Si ou vle di nou enfòmasyon nou gen sou anrejistreman ou a pa bon, voye yon kopi anrejistreman ou ak bon enfòmasyon an.
- Si w ap voye yon pèmi pakin, verifeye si pèmi an bon pou kote pou te pake machin ou a.

## KIJAN MWEN PRAL FÈ JWENN DESIZYON JIJ LA APRE MWEN KONTESTE YON KONTRAVANSYON?

Si ou te fè yon odyans sou entènèt oswa pa lapòs, n ap voye desizyon an ba ou. Si ou te gen yon odyans fas-a-fas nan yon Sant Biznis Depatman Finans Vil New York, wap jwenn yon desizyon touswit. Si desizyon an mande pou ou bay plis prèv, pa bliye swiv enstriksyon yo epi mete nimewo kontravansyon ou a. Si yo twouve ou koupab, ou gen dwa pou konteste desizyon sa a nan lespas 30 jou.

# KISA SA VLE DI SI KONTRAVANSYON MWEN AN NAN JIJMAN?

Si ou pa peye oswa konteste kontravansyon ou a nan apeprè 100 jou, li prale nan jijman. Sa vle di Minisipalite vil la pral fè demach jiridik pou mete yon jijman kont ou pou tout lajan ou dwe a, plis penalite ak enterè. Y ap anrejistre non ou nan dosye tribinal piblik ki di ou dwe dèt la. Minisipalite vil la fè demach pou touche dèt la, tankou voye li nan yon ajans koleksyon oswa sezi byen ou yo. Si ou gen plis pase \$350 nan jijman, yo ka bloke oswa remòke machin ou. Ou ka mande yon odyans pou yon kontravansyon ki nan jijman sèlman si ou poko gen yon ane depi dat yo te mete kontravansyon an nan jijman. W ap bezwen ranpli yon fòm (ki disponib nan [nyc.gov/finance](https://nyc.gov/finance)) epi fè yon demann fòmèl pou yon odyans apre jijman. Yon ji pral detèmine si pou yo aksepte demann ou a ou pa. Pou jij la kapab aksepte demann ou a, ou dwe pwouve ou gen yon bon defans. Epi tou ou fèt pou jistifye poukisa ou pa te reponn avan kontravansyon an te ale nan jijman.

**Ale sou sitwèb [nyc.gov/finance](https://nyc.gov/finance) pou jwenn plis enfòmasyon.**



